



# 10 हम अपन दिन कोना बितबै छी?



मित्रगण, हम पीहू छी। हम 6 सालक छी। आइ हम अपन दिनचर्या साझा करब कि हम भोरसँ राति धरि की करैत छी?



देखू, आकाशमे सूरज उगि रहल अछि।भोर भए गेल।



हम भोरे बिछाओनसँ उठैत छी आ एक गिलास गरम पानि पिबैत छी।




हमर दिन शुरूह होइत अछि योग वा व्यायामसँ।



फेर,हम अपन दाँत साफ करैत छी आ स्नान करैत छी।

हम जलखै करैत छी आ विद्यालय लेल तैयार होइत छी।






© NCERT not to be republished


हम विद्यालयमे अपन सहपाठीक संग पढ़ैत छी आ खेलैत छी।






सूरज आसमानमे तेज चमकि रहल अछि। दुपहरक समय अछि।हम अपन हाथ धो क' अपन दोस्त सभहक संग दुपहरक भोजन करैत छी।

फेर हम विद्यालयसँ घर वापिस अबैत छी आ कनेक काल सुस्ताइ छी।








देखू, सूरज डूमि रहल अछि।सांझक बेर अछि।हम अपन दोस्त सभहक संग खेलाइत छी आ तखन पढ़ै छी।


ओम्हर देखू, आकाशमे चान आ तारा देखा रहल अछि। रातिक बेर अछि।





हम अपन परिवारक संग रातिक खेनाइ खाइत छी।

हम खिस्साक किताब पढ़ैत छी आ राति क' सूति जाइत छी।



© NCERT not to be republished



## आउ गप करैत छी

क. अहाँक दिनचर्या की अछि?
ख. अहाँ कखन अपन दाँत साफ करैत छी?
ग. अहाँ कखन स्नान करैत छी?



## आउ करैत छी

क. ओहिसभ गतिविधि पर सहीक निशान ✓ लगाउ जे अहाँ भोरमे करैत छी।

ख. ओहिसभ गतिविधि वा चीज पर सहीक निशान ✓ लगाउ जे अहाँ दुपहरमे देखैत वा करैत छी।


   


ग. ओहिसभ गतिविधि पर सहीक निशान ✓ लगाउ जे अहाँ रातिमे करैत छी।


   

© NCERT not to be republished

चित्रसभकैं देखि कए दिनक समयक अनुमान करू। अहाँ ओहि समय की करैत छी,एहि विषयमे मित्र सभ संग चर्चा करू।











## आउ करैत छी


ओहि गतिविधिमे रंग भरू जाहिमे अपेक्षाकृत बेशी समय लगैत अछि।

A.






B.





© NCERT not to be republished

# ऋतु



गरमी



वसंत



बरखा




जाड़

उपरोक्त चित्रसभकैं देखू आ गरमी, वसंत, बरखा आ जाड़ ऋतुमे अंतर पर चर्चा करू।

**चीज सभहक ऋतुक संग मिलान करू**

**बरखा**

**गरमी**




**वसंत**

**जाड़**

© NCERT not to be republished

## आउ गप करैत छी

क. अहाँ गर्मीक ऋतुमे की खायब पसिन्न करैत छी?


ख. अहाँ जाड़क ऋतुमे की पहिरब पसिन्न करैत छी?

## आउ करैत छी

**ऋतु सभहक नाम लिखू आ ओकर चित्रसँ मिलान करू।**





















© NCERT not to be republished

## परियोजना - कार्य

बच्चासभकेँ विभिन्न ऋतुमे ओकर पसिन्नक भोजनक आ एहि सभ ऋतुमे मनाओल जाइ बला स्थानीय पावनिक चित्र बनयबा लेल अथवा साटै लेल कहियौ।